

**Antant sou Apwentman Siplementè pou Founisè iBudget lan ak Egzijans yo sou  
Salè Minimòm lan**

**Kesyon yo Poze Souvan yo (FAQ yo)**

**Kesyon: Kijan fon ki lye ak egzijans yo pou salè minimòm lan pral distribiye bay founisè egzanpsyon iBudget nan Florid yo?**

*Repons: Fon apwopriye yo pou sipòte salè minimòm \$15.00 te aplike sou tarif sèvis egzanpsyon iBudget yo nan Florid lan jan Lejislati Florid lan nan Lwa 22/23 sou Kredi yo (GAA) bay enstriksyon pou sa.*

**Kesyon: Kilè ogmantasyon tarif founisè egzanpsyon iBudget nan Florid yo ki lye ak egzijans salè minimòm lan pral anvigè?**

*Repons: Ogmantasyon tarif founisè egzanpsyon iBudget nan Florid yo te vin anvigè nan dat 1ye jiyè 2022 an. Founisè yo pral resevwa revni anplis nan moman faktirasyon sèvis ki kalifye yo pou jiyè 2022.*

**Kesyon: Ki sèvis egzanpsyon iBudget nan Florid ki kalifye pou ogmantasyon yo?**

*Repons: Sèvis egzanpsyon iBudget nan Florid ki suiv yo la te resevwa yon ogmantasyon pou sipòte egzijans yo pou salè minimòm \$15.00:*

- Sèvis pou Asistan Konpòtman
- Developman Konpetans Esansyèl - Nivo 1 (Konpanyen)
- Developman Konpetans Esansyèl - Nivo 2 (Travay - Gwooup yo Sipòte)
- Developman Konpetans Esansyèl - Nivo 3 (Fòmasyon Lajounen pou Adilt)
- Sèvis Soutyen Pèsonèl
- Sèvis Adaptasyon Rezidan syèl
- Sèvis Repi

**Kesyon: Mwen se yon founisè egzanpsyon iBudget nan Florid, kijan mwen ka ranpli antant sou salè siplementè an?**

*Repons: Ajans pou Moun ki gen Andikap yo (APD) te voye yon imèl nan dat September 23, 2022, bay founisè yo ki enskri aktyèlman pou founi omwen youn nan sèvis ki te resevwa yon ogmantasyon yo. Chak imèl te gen ladan l yon fòmilè pdf ki ka ranpli ansanm ak yon lyen presi, inik pou yon founisè pou soumet Antant sou Salè Siplementè yo an ki ranpli epi siyen.*

**Kesyon: Mwen pa t resevwa yon imèl, kisa pou m fè?**

*Repons: Tanpri verifye dosye kourye endezirab ou yo pou verifye si ou te jwenn yon imèl nan men APD. Si ou pa kapab lokalize imèl lan, tanpri kontakte Sèvis Asistans APD an nan <https://apddirect.my.idaptive.app> oswa nan telefòn nan 833-400-3420. APD te itilize adrès imèl founisè yo ki liste nan APD iConnect.*

**Kesyon: Mwen te resevwa yon imèl, men mwen pa panse mwen ta dwe resevwa I, kisa pou m fè?**

*Repons: Yo te voye imèl bay founisè ki enskri aktyèlman yo pou bay omwen youn nan sèvis yo ki te resevwa yon ogmantasyon tarif, menm si ou pa gen yon otoizasyon pou sèvis ki aktif. Tanpri kontakte ekip enskripsyon founisè rejyonal APD lokal ou an pou verifye sèvis ki apwouye ou yo oswa chanjman ki nesesè yo.*

[Northwest.providerenrollment@apdcares.org](mailto:Northwest.providerenrollment@apdcares.org)

[Northeast.providerenrollment@apdcares.org](mailto:Northeast.providerenrollment@apdcares.org)

[Central.providerenrollment@apdcares.org](mailto:Central.providerenrollment@apdcares.org)

[Southeast.providerenrollment@apdcares.org](mailto:Southeast.providerenrollment@apdcares.org)

[Suncoast.providerenrollment@apdcares.org](mailto:Suncoast.providerenrollment@apdcares.org)

[Southern.providerenrollment@apdcares.org](mailto:Southern.providerenrollment@apdcares.org)

**Kesyon: Mwen se yon founisè Medicaid nan Florid e mwen blije ranpli antant sou apwentman siplemantè an ak Ajans pou Administrasyon Swen Sante an (AHCA).**

**Èske mwen blije ranpli youn ak APD tou?**

*Repons: Wi. Antanke yon founisè Medicaid nan Florid pou sèvis egzanpsyon iBudget nan Florid ki fè pati ogmantasyon ak dispozisyon sa yo, ou dwe antre nan yon antant sou apwentman siplemantè ak APD ki gen ladan I egzijans sou salè minimòm sa a.*

**Kesyon: Èske gen yon delè pou founisè yo ranpli antant sou apwentman siplemantè an?**

*Repons: Founisè yo dwe ranpli, siyen epi soumèt antant sou apwentman siplemantè an anvan 1 desanm 2022 pou konfòme yo ak lalwa Florid.*

**Kesyon: Èske yon founisè ka chwazi pa aksepte fon apwopriye yo/ èske yon founisè ka chwazi pou yo pa ranbouse I nan tarif ki ogmante yo?**

*Repons: Non. Tout founisè ki enskri pou founi nenpòt nan sèvis ki kalifye yo dwe siyen Antant sou Apwentman Siplemantè an.*

**Kesyon: Èske gen founisè ki egzanpte nan antant sou apwentman siplemantè an?**

*Repons: Founisè egzanpsyon iBudget yo nan Florid ki PA enskri pou founi okenn nan sèvis ki kalifye yo epi ki founi sèlman youn oswa plis nan sèvis ki suiv yo la eben yo egzanpte pou yo siyen antant sou apwentman siplemantè an.*

- *Dan pou Adilt*
- *Pwodwi pou Konsomasyon Medikal (Consumable Medical Supplies)*
- *Sèvis Dytetisyen*
- *Ekipman Medikal Dirab*
- *Adaptasyon ak Evalyasyon Aksesiblite Anviwònmantal*
- *Developman Konpetans Esansyèl – Nivo 2 (Travay - Moun yo Sipòte)*
- *Sèvis Enfimyè (Obligasyon Prive, Rezidansyèl, Kalifye ak Repi ki Kalifye)*
- *Sistèm Repons ak Ijans Pèsonèl*
- *Swen Medikal Adomisil Espesyal*
- *Oryantasyon Espesyalize sou Sante Mantal*
- *Kowòdonasyon Soutyen / Konsiltan CDC*

- *Fòmasyon sou Jan pou Viv ki Jwenn Soutyen*
- *Terapi (Ègoterapi, Kineziterapi ak Òtofoni)*
- *Transpò*

**Kesyon: Ki anplwaye yon founisè egzanpsyón iBudget nan Florid ki kalifye antanke anplwaye swen dirèk?**

*Repons: Yon Travayè Swen Dirèk defini antanke yon moun ki gen kontak dirèk ak yon benefisyè Medicaid nan objektif pou founi yon sèvis Medicaid ranbouse. Travayè swen dirèk yo pa gen ladan yo moun ki pa founi yon sèvis Medicaid ranbouse, kote obligasyon prensipal li se fè anotretyen anviwonnan fizik espas travay lan, oswa kote obligasyon li prensipalman administratif.*